Bokklubbens Barn




Den vesle tjukke Janosch boka

TSJETSJENSK

# ЯНОШ

## ЖИМА А, СТОММА А

## ЯНОШ-ТЕПТАР



Janosch er fødd i Zaborze, Oberschlesien.
Han har arbeidd i ulike yrke, frå 1953 som fri kunstnar.
Han bur i dag på ei einsleg øy.
Han har gitt ut ei rekkje barnebøker, biletbøker og romanar.
For boka *«Til Panama, til Panama»* fekk han Deutsche Jugendbuchpreis.

Originaltittel: Das kleine Panama-Album
Copyright © 1989 Beltz Verlag, Weinheim and Basel
Program Beltz & Gelberg, Weinheim. All rights reserved
Copyright © Den norske Bokklubben A/S 1991 for denne utgåva
Til norsk ved Hanna Midtbø

Sats: Hagen Offset a.s, Brumunddal
Trykk og innbinding: Usines Brepols n.v., Turnhout
Printed in Belgium 1991

ISBN 82-525-2215-7

WWF
Verdens Naturfond WWF arbeider for vern
av natur og truga dyreartar. Bokklubbens Barn stør WWF.
Denne boka er trykt på miljøvennleg papir.




ЖИМА ЦОЬКЪАЛОМ А, ЖИМА ЧА А ПАНАМЕ
ЯХАРЕХ ЛАЬЦНА ДИЙЦАР.







Цхьана хенахь дехаш хилла
цхьа жима ц1оькъалоьм а,
цхьа жима ча а хин йистехь.
Хьуьн юккъехь, хьуна к1ура хьалаоьхуш
гуччахь. Церан цхьа хинкема а хилла.

Церан хаза ц1а а хилла, туьнтаг а йолуш.
«Вай шадерг дика ду, аьлла цу жима
ц1оькъаломас.«Даган лууш дерг шадерг
ду вайн, ткъа вай кхера иэшац цхьана х1уманах,
Вай ницкъ болуш ма ду, дац ткъа, ча?»
«Ду дера-кх», аьлла цу жима чано,
«со цхьа ча санна ницкъ болуш ю,
ткъа хьо цхьа ц1оькъалом санна ницкъ болуш ду.
Иза баахь ду иштта.»





Х1ора дийнахь жима ча ч1ара лоцу м1ара каралаьцна ч1ерий лица йоьдура,



Ткъа жима ц1оькъалом хьуьн юккъе а доьдий ж1аьлинускалаш лохуш хуьлура.



Цу жима чано йора юург х1ора дийнахь,
х1унда аьлча юург кечйар дика хууш яра иза.
«Ч1ара туьха а, бурч а тесина беза хьуна, я лимон а,
хох а тесина беза, ц1оькъалом?»



«Башха дац», жоп делира жима ц1оькъаломас,
«ткъа суна доккхах долу дакъа деза.»
Цул т1аьхьа дуу цара налха т1ехь ж1аьлинускалаш а,
ц1азами-худар а, моз а. Уьш самукъане бехаш бара
оцу хин йистера жима ц1а чохь...





Амма цхьана дийнахь цхьа г1утакх дара хица охьадохуш. Цу жима чано схьалецира иза, ткъа хьожа а йаькkхина , элира цо:

«Ооооо…Бананаш.»



Х1унда аьлча бананин хьожа йохура г1утакхех.
Ткъа х1ун дара г1утакхан т1ехь яздина?
«Па-на-ма.» дешна цу жима чано.
«Г1утакх Панамера схьадеана, ткъа Панамех бананин хьожа йоху. О, Панама суна г1енах гина мохк!» аьлла цу жима чано. Цо едда ц1а а яхана, жима ц1оькъаломе дийцира иза буьйса юккъе яххалц.



«Панамехь» аьлла цо «гой хьуна, шадерг 1аламат хаза ду. Х1унда аьлча Панамехь бананин хожа йоху массо меттехь. Панама вайн г1енашчуьра мохк бу, ц1оькъалом. Кхана дукха хьалха Панаме даха деза вай, иштта ца хета хуна а?»
«Хета дера, кханнехь», аьлла цу жима ц1оькъаломо, «х1унда аьлча вай кхера иэшац цхьана х1уманах, ча. Амма сан ц1оькъалом-бад ян еза вайца.» Шолг1а дийнахь дукха 1уйре, шаьш цкъа а ца г1аьттинчу хенахь, г1аьттира иза шиъ. «Некъ бойзуш ца хилча», аьлла цу жима чано, «некъ гойтуш верг оьшу вайна.»

Цундела г1утакхах некъ гойтуш верг вина цо.





 

« Вай сан ч1ерий луьцу м1ара схьаиэца беза,» аьлла цу жима чано,«х1унда аьлча ч1ери луьцу м1ара болчуьна ч1ара а хира бу даима а. «Ткъа ч1ара болуш верг меца хира вац,» элира

цу жима ц1оькъаломо, «иза кхера иэшац цхьана х1уманах. Оьший ткъа, ча?» Ткъа шеца горга яй а схааьцна цу жима






ц1оькъаломо. «Хьоьга х1ора дийнахь суна мерза юург яйта, ча. Ахь кечйеш йолу юург 1аламат мерза ю.
Ммммммммммммммммм...»
Цу жима чано шен 1аьржа куй а схьааьцна, ткъа новкъа бойлла уьш.
Некъ гойтуш волчунна т1аьхьа. Хин бердаца бахана уьш...

Х1ей  жима ц1оькъалом а, жима ча а!
Кехат чохь долуш хица охьадоху шиша ца го шуна?
Цу кехатан т1ехь къайлаха хабар хила тарлора...
Т1аьхьа ду. Хица охьа дахана иза, шул т1ех а даьлла.

«Х1ей, дахка,» аьлла цу жима чано, «тхо Паname доьлхуш ду. Панама тхуна г1енах гина мохк бу.
Цигахь шадерг кхеча аг1ор а, доккха а ду...»
«Тхан дехкийн бенал доккха ду?» , хаьттира дахко,«со цкъа а тешара бац.»

Х1ан-х1а, х1ун хаа дехкашна Панамех лаьцна?
Х1уммаъ, х1уммаъ, юха а т1аккха а х1уммаъ.



Цхьа къанделла цхьогал дара ша дина де
дазда г1ерташ, цхьа г1аз кечйина, 1аш,
уьш юххеш бовлучу хенахь.
«Кхузара Паname боьду некъ хаи хьуна?»

хеттира цу жима чано.
«Аьрру аг1ор даха деза шу», элира цхьогало
ойла а ца еш, х1унда аьлча цуьнан бала
бацара цхьана х1уманна а.
Амма уьш аьрро аг1ор бахча харца некъ
бара. Цара цуьнга хатта ца дезара.









Ткъа цхьа етт доьхал кхитира царна.
«Кхузара Паname боьду некъ хаи хьуна?»
«Аьрру аг1ор даха деза шу», элира атто,
«х1унда аьлча, шу аьтту аг1ор д1ахахь,
шу ахархо 1аш волчу кхочу, ткъа ахархо
1аш верг Панама хила йиш яц.»
Юха а харца некъ бийцира цаьрга, х1унда
аьлча даима аьрру аг1ор оьхуш верг мича
кхочу т1еххьаре а ? Нийса ду! Ша аравелчу
меттиге кхочу-кх.
Дог1 дан кечлуш дара, дог1ан т1адамаш изгаш
дара стиглара охьа,



изгаш, изгаш, изгаш…
«Сан ц1оькъалом-бад яша ца йичахьана,»
элира цу жима ц1оькъалоьмо, «со кхоьруш
вац цхьана х1уманах.»
Шайн дика четар мича даьхьана аша,
жима ча а, жима ц1оькъалом а?
- Ц1ахь не1ар техь кхозуш ду-кх…
Х1аъ дера!



Суьйранна шекъа чохь хилла шин
черманах дог1ан бун йира цу жима чано.
Цара ц1е латира, уьш бохбелира.
«Ма  дика ду иштта,» элира цу жима ц1оькъалоьмо.
«цхьа доттаг1 хилар дог1ан бун ян хууш волуш.
Т1аккха вай кхера изшац цхьана х1уманах.»



Дог1а сечица, д1абахара уьш. Амма дукху хан ялале мацбелира уьш, ткъа чано элира: «Соьгахьа ч1ара лоцу м1ара бу, со ч1ери лица йоьду. Цу доккха дитт к1елахь собар де суна, ц1е латаяй, вайн ч1ери датта, ц1оькъалом!» Амма цигахь цхьа а охьадохуш хи дацара, ткъа  охьадохуш хи доцчахь, ч1ара а бац. Ткъа ч1ара боцчахь, оьшуш бац ч1ара лоцу м1ара а.







Ма дика дара цу жима ц1оькъалоьмина жалинускалаш кардеш хилар, иштта ца хиллехь, уьш мацалла белла хир бара. «Шен цхьа доттаг1 верг,»элира цу жима чано, «жалинускалаш каро хууш волуш, кхера иэшац цхьана а х1уманах. Оьший ткъа, ц1оькъалом?»

Кестта гира царна цхьа пхьагал а, цхьа зу а, шайна карина юург шайн тоьли чу хьош йоьдуш.





«Схьадолу тхоьца,» элира цу шиммо. «Аша тхоьгахь буьйса яккха мегир ду. Дийца х1ума долу хьеший 1аламат дукха беза тхуна.»



Жима ча а, жима ц1оькъалом а цу дика паднар т1ехь охьахиира. «Х1ара санна паднар бен иэшац кху дуьненчохь,» элира цу жима ц1оькъалоьмо. « Вай а оьцур ю

х1ара санна ерг Панамехь, т1аккха хира ю-кх вайн *боккъалла* а даган оьшург шаерг. Иштта дуй иза?»

«Ду дера,» элира цу жима чано. Т1аккха дийцира цу жима чано Панамех лаьцна буьйса т1еяллалц. «Панама,» элира цо, «тхан г1енашчуьра мохк бу, х1унда аьлча, Панамехь бананин хожа йоху массо меттехь. Иштта дуй иза, ц1оькъалом?»

«Тхойша цкъа а оцу аренан чаккхен т1е кхаччалц бен яхана яц,» элира пхьагало. «Х1инццалц иза аре яра тхан г1енашчуьра мохк, х1унда аьлча, цу т1ехь кхуьу оха дуу к1а. Амма х1инца тхан г1енашчуьра мохк Панама ю. О, исбехьа Панама! Иштта дуй иза, зу?»

И жима ц1оькъалом а, и жима ча а цу дика паднар т1ехь охьбийшира. Цу буса цу деанна а Панама гира г1енах.

Цхьана дийнахь цхьа къиг доьхьал кхитира царна. «Олхазарш 1овдал дац,» элира цу жима чано, цу къиге некъ а хоттуш.

«Х1ун некъ буьцу аша?» хаьттира къиго.

«Б1е эзар некъ бу кху дунена т1ехь.»

«Тхан г1енашчуьра махкан т1е боьду некъ,» элира цу жима чано.

«Цигахь шадерг кхеча аг1ор ду. Дукха хаза а, доккха а...»

«Иза мохк аса гойтур бу шуна,» элира къиго, х1унда аьлча, олхазаршна шадерг хаа.

«Т1ема а довлий, сунна т1ехьа схьадуьйла. Х1утш...!



Т1аккха кхоссаелла диттан лахарчу ган т1е хиира къиг. Т1емаш тоьхна кхиа лакха ирах яхара. Ткъа х1ара шиъ т1ема валалуш

вацара, дитт т1ехула хьалий бен.
«Ма текхаде со хьайна т1ехьа, ча!» мохь туьхира цу жима ц1оькъалоьмо, «х1унда аьлча сан ц1оькъалом-бедан 1уьрг дала там бу...»
«Кхузахь,» элира къиго, «кхузахь гур бу-кх шуна иза мохк.»







Шен т1ам д1ахьажира цо.
«Ох1,» аьлла, мохь туьхира цу жима ц1оькъалоьмо, «хаза дац ткъа кхузахь, ча?»

«1аламат хаза ду, сан дахарехь суна гина дац х1окхул хазаниг,» элира цу жима чано.

Амма царна гинарг, уьш бехаш хилла мохк а, хи а дара. Геннахь дитташна юккъехь 1уьллуш дара церан ц1а а. Амма царна цкъа а гина бацара шайн мохк т1оьхула охьа.

«Ох1 х1ай, х1ара ю-кх Панама...» элира цу жима ц1оькъалоьмо. «Схьайолу, вай д1ададаха деза цу хин т1е кхаччалц. Цигахь дер вай цхьа жима, самукъане ц1а, туьнтаг а йолуш. Т1аккха вай кхера иэшац цхьана х1уманах, ча.»

Диттан т1ера охьа а биссина, хин т1е кхечира и шиъ.

Мичахьа ду шун хинкема, жима ча а, жима ц1оькъалом а?
- Хин т1ехь 1уьллуш ду-кх тхан жима ц1ан юххехь.

«Вайна бурам дан дечигаш оьшу,» элира цу жима чано. Таккха дира цо цхьа бурам.





«Ма дика ду,» элира ц1оькъалоьмо, « сан доттаг1 волуш, цхьа бурам дан хууш волуш. Т1аккха цхьаъ кхера иэшац цхьана х1уманах.»



Цу шиммо бурам хин чу такхира, таккха цун техь хин вукха аг1он т1е бахара.

«Меллаша, ча,» элира цу жима ц1оькъалоьмо, «сан ц1оькъалом-бад хин чу южур ю. Цунна дика нека дан ца хаа.» Хин вукха аг1ор хин бердаца бахара уьш, ткъа чано элира: «Суна т1аьхьа схьадола, суна некъ хаа.»



«Т1аккха вай кхера иэшац цхьана х1уманах,» элира цу жима ц1оькъалоьмо, боьлхуш, боьлхуш, кхечира уьш цхьа т1айн т1е.



И жима т1ай дара мацах цу жима чано дина, ткъа кестта кхочур бу уьш шайн жима ц1а долчу а. Амма царна ца девзира и т1ай, х1унда аьлча совдаьлла хино дохинера иза. «Вайша тадан деза т1ай,» элира цу жима ц1оькъалоьмо. «Схьалаца дечиг к1елар, ткъа аса т1ехул лоцур ю. Амма сан ц1оькъалом-бад охьайожарах лар е.»

Х1ей жима ц1оькъалом а, жима ча а! Юха а кехат чохь долуш хица охьадохуш шиша дара.Цу кехатан т1ехь къайлаха хабар хила тарлора.



Пиратин бакъйолу хазна каро лаац шуна Юкъармохка х1ордан чохь? Т1ехьа ду, кехат чохь долуш шиша хица охьадахан, къайладаьлла.

Цу хин вукха аг1он т1ехь карийра царна цхьа некъ гойтуш верг. Иза вара буц юккъехь 1уьллуш.

«Х1ун го хьуна цигахь, ц1оькъалом?»

«Мичахьа?»

«Кхузахь!»

«Цхьа некъ гойтуш верг.»

«Х1ун ду цун т1ехь яздина?»

«Па...»

«Парагвай.»

«Г1алат.»

«Парапли (четар).»





«Х1ан-х1а, 1овдал. Па – на – ма. Панама. Ц1оькъалом, вайша Панамехь ву! Вайн г1енашчуьра махкахь – ооох1, схьадолу хелхар до вайша х1ара даздеш.»



Ткъа хелхар дира цара д1а а, схьа а, го тосуш а.

Амма хьуна хаа иза х1ун некъ гойтуш верг вара? Хаий ткъа? Нийса ду.

Ткъа уьш кхиъ жимма д1абахара, кхечира уьш цхьамма дитина, туьнтаг а йолуш долу ц1ан т1е.



«О ц1оькъалом,» мохь туьхира
цу жима чано, «х1ун го вайна
цигахь вайн ира б1аьргашца!»

«Цхьа ц1а, ча. Цхьа 1аламат хаза а,
самукъане а ц1а. Туьнтаг а йолуш.
Кху дунент1ехь уггур хаза ц1а, ча.
Цун чохь даха мегир ду вай.»

« Ма тийна а, дика а ду кхузахь, ц1оькъалом,» мохь туьхира цу жима чано. «Ладог1а цкъа!» Махо а, дог1о а тишдина довзац царна шайн ц1а. Дитташ а, коьллаш а дукха яккхий хиллера. «Кхузахь шадерг доккха ду, ча,» мохь туьхира цу жима ц1оькъалоьмо. «Панама инзаре ю, яц ткъа?» Уьш ц1а тада буьйлабелира. Цу жима чано тхов табира, ткъа цхьа шун а, ши г1ант а, ши маьнга а бира. «Суна уггур хьалг1а цхьа техкаш долу г1ант деза,» элира цу жима ц1оькъалоьмо. «Иза ца хилча тахкалур дац со.»

«Х1аъ,» олура цу жима
ц1оькъалоьмо, « вайн
г1енашчуьра мохк. Кхузар
д1адаха оьшур дац вайна
цкъа а, цкъа а.

Ахь бохург уьш шайн ц1ахь
1инехь бовлур бохург
дуй ткъа?
Ахь бохург уьш и беха некъ
ца бича а бовлур бохург
дуй ткъа?
Х1ан-х1а, т1аккха царна
я цхьогал а, я къиг а гур
яцара. Я пхьагал а, я зу
а гур яцара, ткъа и плюшах
йина паднар иштта к1еда а,
дика а юйла хиин хир
дацара цкъа а.





Т1аккха дира цо цхьа техкаш долу г1ант. Т1аккха д1адийра цара зезагаш шайн бешехь. Дукху хан ялале дара цигахь хьалха санна хаза. И жима ча ч1ара лаца йоьдура, ткъа и жима ц1оькъалоьм жалинускалаш лаха доьдура. Амма х1инца шадерг *кхиъ* тоьлуш дара, х1унда аьлча цара шайна цхьа к1еда плюшах йина паднар аьцнера. И хьуьн юккъера жима ц1а дара царна х1инца кху дуьнент1ехь уггур хаза меттиг. «О, ц1оькъалом,» олура цу жима чано х1ор дийнахь, «ма дика ду-кх вайн Панама карйина, дац ткъа?»

